

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan nyarita unggal jalma tangtuna waé béda-béda. Sangkan bisa parigel dina nyarita, kudu aya proses latihan. Sakumaha anu dijéntrékeun ku Goh & Burns (dina Rahman spk., 2019) kaparigelan nyarita anu hadé bisa dicangking ngaliwatan sababaraha ujian dina wangun latihan atawa ngaliwatan bimbingan. Ku kituna, nalika latihan anu kudu dilatih nyaéta basa anu digunakeun kudu gampang kaharti, nalika milih kekecapan ogé kudu nu babari, sarta ungkara kalimah kudu jelas. Tuluy dina nyaritana ulah rusuh, sangkan omongan nu rék ditepikeun bisa jelas kadéngéna. Tapi, pikeun jalma nu can bisa nyarita dihareupeun jalma réa tangtu bakal aya rasa éra, teu percaya diri, sarta sok geumpeur nalika nepikeun narasina.

Nurutkeun Setyaningsih (2019), narasi asalna tina basa latén *narrare* nu hartina nyaritakeun; nyarita. Sedengkeun téks narasi mangrupa karangan carita nu midangkeun runtuyan kajadian jeung disusun sacara *kronologis* luyu jeung urutan waktu (Agustinalia, 2022). Dina midangkeun narasi, nu nyarita ditungtut pikeun nepikeun informasi, méré pangaweruh, sarta méré pangalaman ka pamaca. Salasahiji conto nu kaasup kana wangun narasi nyaéta pangalaman pribadi. Pangalaman nyaéta sagala rupa nu kaalaman ku hiji jalma saperti, pangalaman pikabungaheun, pikasediheun, pikasonoeun, jrrd.

Saluyu jeung kurikulum merdeka, pangajaran pangalaman pribadi aya dina CP kelas VII di SMP. Capaian pembelajaran elemen nyarita, “*Peserta didik mampu menyampaikan informasi atau pesan (perasan, gagasan, pikiran, dan kehendak) secara lisan dengan memilih dan menggunakan kosakata yang khas atau idiom bahasa Sunda dalam bentuk monolog dan dialog sesuai tatakrama Sunda untuk tujuan tertentu sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda. Peserta didik mampu bercakap-cakap atau berdiskusi dalam bahasa Sunda tentang berbagai topik secara aktif, partisipatif, efektif, dan kreatif, sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda.*”. Dumasar kana capaian pembelajaran, dipiharep siswa kelas VII

Nida Sa’diah, 2023

MÉDIA ANCHOR DINA PANGAJARAN NYARITAKEUN PANGALAMAN PRIBADI (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VII-I SMP NEGERI 43 BANDUNG TAUN AJAR 2022/2023)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

bisa nyarita ngeunaan pangalaman pribadi ku cara ngakomunikasikeun kalawan merhatikeun kaidah basa Sunda.

Dina pangajaran pangalaman pribadi, tétéla masih réa siswa anu teu minat kana pangajaran basa Sunda. Dumasar kana éta hal, kapanggih masalah dina pangajaran basa Sunda di sakola, hususna dina kaparigelan nyarita di SMP Negeri 43 Bandung nu aya di puseur dayeuh. Luyu jeung katerangan ti guru basa Sunda di SMP Negeri 43 Bandung, siswa masih hésé pikeun nyarita maké basa Sunda. Kitu ogé nu ditepikeun ku sababaraha murid kelas VII di SMP Negeri 43 Bandung, masih hésé dina nyarita make basa Sunda, utamana dina nyusun kekecapan nu rék ditepikeun anu antukna masih aya kekecapan anu kamalayon.

Dumasar kana masalah anu dipedar di luhur, perlu aya tarékah sangkan siswa bisa nyarita maké basa Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngungkulan masalah dina pangajaran nyaritakeun pangalaman pribadi. Guru bisa narékahan ku cara maké média nu ngarojong kana kahontalna udagan pangajaran. Salasahiji média anu bisa dipaké dina pangajaran nyaritakeun pangalaman pribadi nyaéta média *Anchor*.

Nurutkeun Pribadi (2019) média ngamuat informasi jeung pangaweruh, anu digunakeun sangkan proses diajar sangkan leuwih éféktif jeung *efisien*. Luyu jeung éta hal, guru diperedih kudu bisa leuwih *kreatif* jeung *inovatif* nalika ngararancang jeung ngalaksanakeun pangajaran sangkan bisa ngirut karep siswa dina diajar basa Sunda. Ku kituna, guru kudu maham kana karakteristik média nu rék dipaké sangkan teu timbul sikep *spekulatif*.

Anchor mangrupa salasahiji *platform* anu mekar di éra milénial, kusabab gampang dina mublikasikeunna (*Anchor.fm, 2023*). Luyu jeung pamadegan Mansyur (2021) *Anchor* bisa jadi inovasi anyar dina nepikeun informasi. Nilik kana éta hal, bisa waé ieu média téh dilarapkeun kana pangajaran basa Sunda. Ieu hal dipiharep bisa éféktif dina pangajaran nyaritakeun pangalaman pribadi.

Dumasar panalungtikan Mansyur (2021) ngeunaan *Anchor*, nu hasilna téh éféktif dina nepikeun informasi, ogé bisa diakses sacara haratis. Kitu ogé panalungtikan ku Nomor, spk (2022) média *podcast* atawa *Anchor efektif* pikeun digunakeun dina bahan pangajaran di sakola.

Aya sababaraha panalungtik nu kungsi ngalakukeun panalungtikan nu patali jeung média *Anchor* diantarana: “Pengembangan Bahan Ajar Teks Puisi Berbasis Aplikasi Anchor Siswa Kelas X SMA Swasta Raksana Tahun Pembelajaran 2021/2022” (Lubis & Lase, 2022); “Pengembangan Media Pembelajaran Audio Podcast Narasi Menggunakan Aplikasi Anchor Untuk Pembelajaran Menyimak Teks Fiksi di Kelas V Sekolah Dasar” (Adawiyah & Damayanti, 2022).

Panalungtikan séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta ku Melinda Oktaviana Sutresna (2020) anu judulna “Média *Video Blogging (Vlog)* dina Pangajaran Nyarita Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung Taun Ajar 2019/2020). Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén maké média pangajaran *Vlog* bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa. Sanajan dina éta panalungtikan variabelna sarua, tapi nu jadi pangbéda nyaéta média jeung objékna béda.

Dumasar kana kasang tukang anu geus dipedar, penting pisan média pangajaran jadi bahan tinimbangan guru nalika diajar, contona media *Anchor*. Siswa jadi leuwih ngamangpaatkeun téhnologi kana hal positif. Lian ti éta, ku ngagunakeun média *Anchor*, siswa jadi leuwih ngamangpaatkeun téhnologi dina pangajaran di sakola. Ku kituna, panalungtikan “Média *Anchor* dina Pangajaran Nyaritakeun Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung)” perlu dilaksanakeun minangka ngalarapkeun média *Anchor* kana pangajaran nyaritakeun pangalaman pribadi.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasaar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara masalah nu di idéntifikasi pikeun ditalungtik, saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa masih héngkér.
- 2) Siswa hésé dina ngébréhkeun idé atawa gagasan sacara lisan maké basa Sunda anu merenah.
- 3) Média anu digunakeun kurang ngirut siswa, anu ngabalukarkeun siswa ngarasa bosen nalika diajar.

1.3 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi siswa kelas VII-I di SMP Negeri 43 Bandung saméméh maké média *Anchor*?
- 2) Kumaha kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi siswa kelas VII-I di SMP Negeri 43 Bandung sabada maké média *Anchor*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh saméméh jeung sabada maké média *Anchor*?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.4.1 Tujuan Umum

Dumasar masalah nu dipedar di luhur, tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji média *Anchor* dina kamampuh nyaritaeun pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 43 Bandung kelas VII-I Taun Ajar 2022/2023.

1.4.2 Tujuan Husus

Tujuan husus sangkan ngahontal ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi siswa kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung saméméh maké média *Anchor*;
- 2) kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi siswa kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung sabada maké média *Anchor*;
- 3) béda anu signifikan antara kamampuh saméméh jeung sabada maké média *Anchor*.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, anu baris diébréhkeun di handap.

Nida Sa'diah, 2023

MÉDIA ANCHOR DINA PANGAJARAN NYARITAKEUN PANGALAMAN PRIBADI (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VII-I SMP NEGERI 43 BANDUNG TAUN AJAR 2022/2023)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi inovasi pikeun guru salaku tenaga pendidik dina maké jeung ngamangpaatkeun média *Anchor*. Lian ti éta, pikeun bahan pangajaran sangkan teu monoton nalika lumangsungna pangajaran.

1.5.2 Mangpaat Praktis

1) Pikeun Guru

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh pikeun guru salaku tenaga pendidik dina lumangsungna kagiatan diajar di kelas. Ku kituna, ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun guru dina nangtukeun média pangajaran anu éféktif luyu jeung matéri anu rék ditepikeun di kelas, hususna dina ieu panalungtikan maké média *Anchor* dina pangajaran pangalaman pribadi.

2) Pikeun Siswa

Ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun siswa ngeunaan média *Anchor* dina pangajaran pangalaman pribadi di kelas VII SMP.

3) Pikeun Panulis

Ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh jeung pangalaman ka panulis salaku calon lulusan Pendidikan Bahasa Sunda, sarta ngalatih panulis dina nganalisis média pangajaran di kelas.

1.6 Raraga Tinulis

Dina ieu skripsi disusun jadi lima bab nyaéta, Bab 1 eusina ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan paalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tinulis.

Dina Bab II eusina ngawengku ulikan tiori nu ngawengku média pangajaran, kaparigelan nyarita, pangajaran pangalaman pribadi, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Dina Bab III eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, wangenan oprasional, instrumén panalungtikan, prosuder panalungtikan, jeung analisis data.

Dina Bab IV eusina ngwengku kamampuh awal nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh maké média *Anchor*, kamampuh ahir nyaritakeun pangalaman pribadi siswa kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sabada maké média *Anchor*, kamampuh nyaritakeun pangalaman pribadi siswa kelas VII-I SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada maké média *Anchor*.

Dina Bab V kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi. Kacindekan mangrupa inti tina ieu panalungtikan. Anapon sangkan ieu panalungtikan bisa méré mangpaat ka hareupna, dina ieu bab ditambahan subbab rékoméndasi anu ditepikeun ku panalungtik ka nu maca.